## РÆСТБÆЛДЗОРÆГИ ÆМА РÆСТБÆЛЦÆУÆГИ ИВУЛД ДОН ДÆР НÆ ЛАСУЙ!..



***БЕСАТИ Тазе (1910-1981), финсæг: «Раст адæймаг æма хæрани æмвæрстæ æвæрун некæд гъæуй царди. Расти раст искæнæ, хæранбæл ба æфхуæрунæй ма байауæрдæ!.. Лæгъузбæл сæдæ къахи ес, дæхе си багъæуай кæнæ, изолмæ си рацо, æ еу къахæй дæр дæбæл куд нæ бамбæла. Хуарзæй ба хуарз зунд райсæ, хæстæгдæр имæ балæууæ...»***

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№3 (1020) 2026 анзи 3 февраль – комахсæни мæйæ

Аргъ 1 туман

## АХСГИАГ ФАРСТА



### ЦИ ЗÆГЪУЙНАГ УАЙ, УОЙ РÆСТАДÆ ГЪÆУАМА ЗОНАЙ!..

Нæ адæми æгъдæутти туххæй дзубандитæ кæнгутæн сæ загъд фулдæр хæтти фæууй: «Нæ фидтæлтæмæ æгъдау уæхæн адтæй!..»

Уæхæн дзубандитæгæнæги æ зонундзийнæдтæ ин исбæлвурд кæнуни рæуагæй минкъий ку разгелай, уæд уайтæккæдæр рабæрæг уй, ци куд æй æцæгæй, уой ба уоййасæбæл зонгæ дæр ке нæ фæккæнуй, фал кæмæйдæр цидæр фегъуста, æма ибæл ниццæргаг æй.

Уотемæй ба, æцæгæй ци куд æй, уой бæлвурдæй базонунæн ес хуарз равгæ. Нæ фидтæлтæ сæ цардиуагæ ци табуйаг æгъдæуттæмæ гæсгæ аразтонцæ, уони цитгиндзийнади туххæй финст ка 'рцудæй, еци медесгун наукон æма публицистон æрмæгутæ лæмбунæгдæрæй кæсун æма си пайда кæнуни фæрци.

Махмæ гæсгæ, уæхæн пайдахæссæг исуиуонцæ нæ номдзуд ахургæндтæй еу, историон наукити доктор, профессор Мæхæмæтти Хадзирæти фурт Æхсарбеги (1920-1983) историон-этнографион куститæ дæр. Абони уæ зонгæ кæнæн æ уацтæй еуей хæццæ (3-6-аг фæрстæбæл). Кæддæр ма 'й мухур кодтан, фал æй нæуæгæй æримисун раст уодзæнæй, уæлдайдæр ба уомæ гæсгæ, æма абони бабæй берæ дзубанди цæуй нæ адæми уодварнон уаги хецæн фæткити фæдбæл. Æхсæнадон æзмæлд «Аланти Нихæс» ба ма иснæуæг кæнуйнаг æй «Æгъдауи скъола»-й куст. Нæ зонæн, цæбæл си цæудзæнæй дзубанди, амонгутæ си ка уодзæнæй, уой, фал син кæдимайди ба аци æрмæг дæр хуарзæн исбæззидæ.

## НÆ ЗÆРДИАГ АРФИТÆ НÆ ЗÆРДТАГОН ÆМБАЛÆН, НÆ ÆМГУСТГÆНÆГÆН!..

# ТÆХОДУЙАГ – А ЗÆНХÆБÆЛ ФЕДАРÆЙ ЛÆУУН...



**Аци кæрдту бæласæ Морис æ сабийдогæй ардæмæ гъуди кæнуй æ фидтæлтиккон гъæу Задæлески. Æма ардæмæ æрбафтуйгæй, æнæмæнгæ ибæл батабедзæ кæнуй. Берæ цидæртæ æримисуй æ рази уогæй, берæ цидæр зæгъуйнæгтæ ин ракой кæнуй. Мæнæ нур дæр ин, æвæдзи, зæгъуй: куд фулдæр дæмæ кæсун, уотæ ми хъæбæрдæр æруагæс кæнуй: дуйнемæ фæззиннун æма си уотид бацæрун уоййасæбæл дессаг нæй – тæходуйагдæр æй а зæнхæбæл федарæй лæуун, царди фæззелæнтæбæл рæстуодæй рацæун...» Æма уотæ зæгъунæй ба баргин куд нæй – зундгонд журналист æма финсæг Хæмицати Зелимхани фурт Морисбæл 1 феврали исæнхæст æй цуппаринсæй анзи. Уой фæдбæл ин зæрдиагæй арфæ кæнæн, абони нæ газети 4-5-аг фæрстæбæл ци æрмæгутæ мухур кæнæн, уонæй.**

## ИМИСУЙНАГ ЦАУТÆ



### ЛЕНИНГРАДИ ÆНÆМÆЛГÆ НАМУС

Дууæ æма цуппаринсæй анзей размæ (1944 анзи 27 январи) Ленинград æнæгъæнæйдæр уæгъдæгонд æрцудæй немуцаг-фашистон блокадæй. Номдзуд сахари цæргутæ дæр æма æ гъæуайгæнгутæ дæр ниффæразтонцæ знаг син 872 бони æма æхсæвей дæргъи ци æверхъаудзийнæдтæ аразта, уонæн. Æма фæууæлахез æнцæ…

Ленингради додойаг зиндзийнадæ æма æгæрон бæгъатæрдзийнадæ аци бæнтти имисунцæ, куд нæ бæсти еугур рауæнти æма нæ бæсти еугур дзиллæ дæр, уотæ Цæгат Иристони дæр. Уомæн æма е комкоммæ мах зæрдрист дæр æй – блокади æверхъаудзийнадæ сæхебæл бавзурстонцæ, еци рæстæгути Ленингради не 'мзæнхонтæй ка цардæй, етæ дæр, уæдта сахари иссæребарæдзийнади сæрбæлтау тох кодтонцæ не 'мзæнхон тугъдонтæ дæр. Ленинград блокадæй исуæгъдæ кæнуни цауи фæдбæл æрмæг кæсетæ 2-аг фарсбæл.



### СТАЛИНГРАД СÆ СÆ КЕМИ ÆРЦÆУН КОДТА

Аци бæнтти ма Уæрæсей бæрæггонд цæуй еума агъазиау историон цау – æртæ æма цуппаринсæй анзей размæ, 1943 анзи 2 феврали советон æфсæдтæ дæрæнгонд фæцæнцæ, Сталинградмæ ка лæбурдта æма уотемæй æртеголи ка бахаудтæй, еци немуцаг-фашистон æрдонгти зингæ хай.

Дзиллон хабæрхæссæг фæрæзнитæ куд имгъосун кæнунцæ, уотемæй Уæрæсей æдасдзийнадæ гъæуайкæнуйнади Федералон служби æхсæнадон бастдзийнæдти Центр æрæги раргом кодта, 1942 анзи Сталинградi, уæдта Кавказ æма Ростови облæсти фæзуæттæй немуцаг-фашистон æрбалæборгутæ рæстæгмæ ке байахæстонцæ, еци рауæнти фæсфронти æсгарæн куст куд цудæй, уой æвдесæг архивон æрмæгутæ.

Медгъуддæгути Адæмон комиссаради (НКВД-й) Сталинград облæсти управлений 1942 анзи 2 августи æрæзт æрцудæй сæрмагонд хайадæ – исхудтонцæ 'й цуппæрæймаг хайадæ.

2

*ТОЛПАРТИ Александр, Ленинград багъæуайгæнæг: «Баруагæс уи уæд, Ленинградæн æ цæргути фæразондзийнадæн æма æ фæййервæзунгæнгути æскъуæлхтдзийнадæ уоййасæбæл æгæрон агъазиау æй, æма ин æ аккаг аргъ искæнун хъæбæр зин æй, фал уæддæр сæ кадæ син цитгин кæнунæй ба æностæмæ ихæсгин ан. Ленинградi сæрбæлтау ка тох кодта, уони уодуæлдайдзийнади фæрци, аци цитгин сахар знаги фудвæндитæй фæййервазтæй, æ фарнæ абони дæр цæруй æма æносмæ цæрæд!..»*

## ИМИСУЙНАГ ЦАУТÆ




# ÆНÆБАСÆТТОН ЛЕНИНГРАД

Ленинградмæ еци сонт лæбурдæй немуцаг-фашистон æрдонгтæ, уомæ гæсгæ тундзтæнцæ, æма Советон Цæдеси цитгинæй-цитгиндæр сахар гъавтонцæ уотид байахæссун нæ, фал æй бунисæфт бакæнун, зæнхи цъарæбæл æ фæд дæр куд нæбал байзайа, уотæ. Е бæлвурд бæрæг æй уомæй, æма нацистон Германий разамунд 1941 анзи 21 сентябри «О блокаде Ленинграда», зæгъгæ, ци доклад бацæттæ кодта, уоми комкоммæ уотæ загъд адтæй «...мы блокируем Ленинград (герметически) и разрушим город, если возможно, артиллерией и авиацией... остатки «гарнизона крепости» останутся там на зиму. Весной мы проникаем в город... вывезем все, что осталось живое, в глубь России или возьмем в плен, сравняем Ленинград с землей...»

Уæхæн уавæрти Ленинград багъæуай кæнун куд зин адтайдæ, уой бæргæ лæдæрдтæнцæ бæсти разамунд дæр æма сахарæн æхе цæргутæ дæр. Фал уæддæр фæндæ ба еу адтæй: немуцаг-фашистон æрдонгти къах гъæуама ма 'рлæууа Ленини номхæссæг сахари зæнхæбæл...

Æнæмæнгæ уотæ ке уодзæнæй, уобæл Ленинград гъæуайгæнгутæ федарæй æууæндтæнцæ... Етæ уæхæн нифсхаст разиндзæнæнцæ, е знагæн æ фæсонæрхæги дæр нæ адтæй. Æма сахарбæл ку æртухстæй ниххорх æй кæнуни фæндæй, уæд уотæ æнгъæл адтæй, æма ленинградæгтæ сæ гъезæмæрттæн нæ бафæраздзæнæнцæ, саст æрцæудзæнæнцæ... Фал бафæразтонцæ: цалдæр мæйей дæргъи (1941 анзи 8 сентябрæй 1943 анзи 18 январи уæнгæ), еци хорхæлвæстæй знаг ци сахар фæддардта, уой байсун æ бон уæддæр нæ бацæй – е нæ, фал сæхебæл бæрзæйсæттæн цæф æрцудæй, фæлледзæги 'нцæ.

Советон æфсæдти тугъдон операци «Искра»-й фæрци 1943 анзи 18 январи Ленинградбæл æртухст тунд æрцудæй, Ладоги цадæ æма фронти рæнгъи 'хсæн фæззиндтæй «къæридор» (æ фæтæ адтæй аст-еуæндæс километри). Уобæлти æвддæс суткей дæргъи арæзт æрцудæнцæ æфсæн æма автомобилон нæдтæ. Сахармæ цæун байдæдтонцæ поездтæ æма уæзласæн хуæдтолгитæ хуæлци, тохæнгæрзти æма æндæр гъæугæ дзаумæутти хæццæ. Немуцаг-фашистон командæкæнуйнади фæндæ, Ленинград блокади фæрци ниххорх кæнун æма 'й уотемæй байсунæй неци рауадæй.

Блокади æверхъаудзийнæдтæн Ленинградi цæргутæ æма æ гъæуайгæнгутæ куд æхсаргинæй ниффæразтонцæ, уобæл абони дæр ма дуйней рæстзæрдæ дзиллитæ дестæ кæнунцæ, сæ уодти нæбасæттондзийнадæн син сæ сæртæй ниллæг ковунцæ. Еугур еци хабæрттæбæл мах дæр нæ газети финстан. Фал уæддæр нæ ихæсбæл нимайæн сæ æримисун абони дæр – еумæй бæрæггонд цæуй, Ленинград блокадæй исуæгъдæ уни дууæ æма цуппаринсæй анзей бон, иннемæй ба ихæсгин ан, нæ Фидибæстæ хъæбæр устур фидбилизи уавæри ку бахаудтæй, уæд нæ адæм еумæ еузæрдиуонæй куд исистадæнцæ æма куд уодуæлдайæй тох кодтонцæ æ сæрбæлтау – æхе сагъæс си неке кодта, сæ царди берæ ахсгиаг гъуддæгутæ дæр райеуварс кодтонцæ, уотемæй. Е æй дæнцæн кæстæртæн – уотæ ку нæ уа, уæд исонибони нæ Фидибæсти сæрбæл исдзоргутæ ку нæбал уа, уомæй тæссаг æй.

Ленинград немуцаг-фашистон æрдонгтæй багъæуай кæнуни тугъдтити æма уонæми архайгути туххæй, ку зæгъæн, нуриуæнгæ дæр мухур кодтан. Берæ цæмæдесаг хабæрттæ æма цаути туххæй фæууй дзубанди. Зæгъæн, тугъди æма фæллойни ветеран, отставки болкъон Толпарти Александр æ имисуйнæгти куд финста, уотемæй цалдæр боней дæргъи карз тугъдтити фæсте немуцаг æфсæдтæн бантæстæй Лужски гъæуайкæнуйнадон тæлмæ батонун, æма сæ них исаразтонцæ комкоммæ Ленинградi æрдæмæ. 21 августмæ знаг байахæста сахар Чудово æма æрæхгæдта Октябри æфсæнвæндаг, Ленинградмæ ибæл бацæуæн куд нæбал адтайдæ, уотæ. 30 августи ба знагæн бантæстæй сахар Мга дæр байахæссун æма уотемæй Ленинград хецæнгонд æрцудæй бæсти хæццæ бæттæг фæстаг æфсæнвæндагæй.

Фашисттæ 8 сентябри байахæстонцæ сахар Шлиссельбург. Еци бонæй фæстæмæ Ленинград бахаудтæй æртухсти. 900 бони æма æхсæви фæцæй блокади.

Еци бæнтти фельдмаршæл фон Лееб фæдздзурдта е 'фсæдтæмæ: «Уæ комкоммæ æнцæ большевикон æфсади байзайæггæгтæ. Еунæг фæстаг цæф, æма къуар «Цæгат» бæрæг кæндзæнæй уæлахез. Тагъд рæстæги фæууодзæнæй Уæрæсей нихмæ тугъд...» Уотæ гъуди кодтонцæ фашистон Германий разамунд æма е 'фсади командæкæнуйнадæ. Советон бæсти разамунд æма адæм ба æндæрхузи гъуди кодтонцæ.

Цæргутæ æма фронти æфсæдти хуæлцади уавæр цæхгæрмæ фæллæгъуздæр æй, уæлдайдæр ба знаг Бадаевски хуайраги скълæдтæбæл ку бандзарста, уæд. Уоми адтæй хуайраги агъазиау æвæрæнтæ. 1942 анзи райдайæнмæ еу адæймагæн сутки дæргъи дзол лæвардтонцæ 125-150 грамми, æфсæддонтæн фæйнæ 300 грамми. Нæхъæртондзийнади фудæй дзолæн æ хуæрзгъæдæдзийнадæ дæр фæнниллæгдæр æй.

Уавæр адтæй карз æма уæззау, нæ бæсти уæди разамонæг Сталини загъдау «бæлахи уавæр». Уомæ гæсгæ е фæдздзурдта Г.К. Жуковмæ. Ленинградi уавæри туххæй дзоргæй ин балæдæрун кодта уой дæр, æма еци бæлахи уавæрæй фæййервæзунæн алцидæр исаразун ке гъæуй, уой. И.В. Сталин зудта, еци уавæртæй сахар ке фæййервæзун кæндзæнæй айдагъдæр Г.К. Жуков. Сталинæн загъта, кæд уавæр уотæ вазуггин æй, уæд цæттæ æй Ленинградi фронтæн командæгæнæгæй рандæ унмæ.

Æма 1941 анзи 13 сентябри Г.К. Жуков инæлар-лейтенант М.З. Хозин æма инæлар-майор И.И. Федюнинский æвæстеуатæй фæннæхстдæр æнцæ блокадон Ленинградмæ. Уоми уайсахат федæдтонцæ архайун уобæл, цæмæй сахар багъæуай кæнуни туххæй арæзт æрцæуонцæ еугур гъæугæ мадзæлттæ дæр.

Еци мадзæлттæ рæстмæ арæзт ке æрцудæнцæ, уой фæрци Ленинградi алфамбулай уавæр фендæрхузон æй. Жуков цубур рæстæгмæ домбай баргъомусæй æрбайеу кодта еугурей дæр, исразæнгард кодта æфсæдти æма адæми нифсхастдзийнадæ æма æхсарæй, æма бундорон æйййивддзийнæдтæ æрцудæй Ленинградаг фронти сахари цæргути æма æ гъæуайгæнгути хуарзæн.

Ленинградi блокадæн æ хай кæд æма 1943 анзи 18 январи тунд æрцудæй, уæддæр æнæгъæнæй ба æрцудæй 1944 анзи. советон æфсæдти Ленинградаг-Новгородаг размæмпурсæг операций фæрци – цудæй 1944 анзи 14 январæй ба 1 мартъий уæнгæ. Æ нисан – немуцаг æфсæдти къуар «Цæгат» ниддæрæн кæнун, Ленинградæй блокадæ æнæгъæнæй дæр исесун æма Ленинградi облæст знагæй исуæгъдæ кæнун æнтæстгинæй æнхæстгонд æрцудæй. Советон æфсæддонти агъазиау тугъдон хъиамæттæ æма фæразондзийнади, советон æфсæддон разамонгути дæснидзийнади фæрци, немуцаг-фашистон блокадæй ервæзтгонд æрцудæй Ленинград, уой хæццæ ба ма знгагæй уæгъдæгонд æрцудæй Ленинградi облæст æма Калининградi облæсти зингæ хай дæр.

Ленинград немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй багъæуай кæнуни тугъдтити рæстæг знаги нихмæ æхсаргинæй тох кодтонцæ Иристони мингай тугъдонтæ дæр. Зæгъæн, нæ номдзуд инæлартæй æртæ: Бæройти Михаил, Хъарати Геуæрги æма Цæликкати Хъантемур, не 'мзæнхонтæй Советон Цæдеси фараст Бæгъатæри: Бицати Сергей, Юрий Бунимович, Гæджити Александр, Коняхин Василий, Бзарти Геуæрги, Аркадий Селютин, Александр Мнацаканов, Григорий Пасынков, Цоколати Геннадий… Æма ма никки берæ иристойнаг тохгæнгутæ. Уонæй алке туххæй дæр бæлвурдæй радзорун бæргæ гъæуй. Æма нæ равгитæмæ гæсгæ нæ еци ихæс нуриуæнгæ дæр æнхæст кодтан æма 'й идарддæр дæр æнхæст кæндзинан.

Ленинградæн æ уæди цæргути æма æ багъæуайгæнгути уодуæлдай хъазауати уæлиаудзийнадæ нин æностæмæ имисуйнаг æй. Уæлдайдæр ба уомæ гæсгæ, æма еци еугур хабæрттæ гъæуама æнæмæнгæ зононцæ нæ ирæзгæ фæлтæртæ, табуйаг син уонцæ, цæмæй сæ ирисхъи гъуддæгутæ аразгæй уонцæ Фидибæстæбæл æновуд куд байлæгъ кæнонцæ, багъæуаги æ сæрбæлтау хъиамæт кæнунмæ рæстуодæй цæттæ куд уонцæ.

**ХЕКЪИЛАТИ Маринæ**

## СТАЛИНГРАД СÆ СÆ КЕМИ ÆРЦÆУН КОДТА

1

Комкоммæ бæлвурдгонд æрцудæй æ сæйраг ихæс – облæсти партизанти отрядтæ æма диверсион къуæртти архайдæн разамунд дæттун æма син æфсæддон æсгаргути хæццæ федар бастдзийнадæ аразун.

1942 анзи 18 декабри, Сталинградi рæбунти Сурх Æфсади размæмпурсти (операци «Уран») хуæдразмæ медгъуддæгути Адæмон комиссаради цуппæрæймаг управлений (фæсфронти тъасхи) сæргълæууæг Павел Судоплатов, медгъуддæгути адæмон комиссари хуæдæййевæг В. Меркуловмæ балæвардта тъасхæгæнгути фæрци бамбурдгонд æвдесæнти бундорбæл бацæттæгонд æрмæг Сталинградi, Кавказi, уæдта Хъалмухъи автономон республики уавæри туххæй.

Еци документи сæрмагонд бунат ахæссуй, немуцаг æфсæддонтæн сæхемæ ци зæрдиуагæ æвзурун байдæдта, уой хецæн хай – «Нихмæлæууæги æфсæддонти зæрдити уагæ Хонсари». Æма си амунд ес: «Сталинградi фронти ци немуцаг æма италиаг æфсæддонтæ тохуй, етæ сæхуæдтæ дæр бустæги арази нæбал æнцæ сæ разамунди миутæй, уомæ гæсгæ ба си исахид æнцæ тугъдæй раледзуни фæззиндтитæ. Уæхæн раледзæг немуцаг æфсæддон уой фæдбæл уотæ загъта: «Уруссаг æфсæддонтæ ку æрбампурсонцæ, уæд немуцаг æфсæддонтæ сæ къохтæ исдардзæнæнцæ…»

Уæлдай карздæр ба дзорун райдæдтонцæ италиæгтæ. Румынæгтæ æма австрийæгтæ куд дзурдтонцæ, уотемæй немуц уонæбæл дæр не 'ууæндунцæ, æма тугъдон фæткитæ уотæ аразунцæ, цæмæй сæ «æмцæдесонтæ» сæ цæстдарди уонцæ.

Нæ радзубандий кæронбæттæни ба ма æримисуйнаг ан немуцаг финсæг Белль Генрихи (1917-1985) загъд: «Абони уæнгæ дæр немуцæн сæ фулдæр хай нæма балæдæрдтæй, Сталинградмæ сæ ке неке худта, уæдта кæми фæууæлахез æнцæ, уоми сæхе тогцъух сирдти хузæн ке æвдистонцæ…» Сæ номдзуд æмзæнхони аци загъд Германий нури разамонгутæ кенæ зонгæ дæр нæ кæнунцæ, кенæ ба 'й зонунцæ, фал æй балæдæруйнаг нæ 'нцæ, æма бабæй тугъдмондагæй хилкъахæнтæ аразунцæ… Нæуæг Сталинград бабæй сæ багъудæй?..

**ССР Цæдеси Сæйраг Совети Президиуми Указæй 1943 анзи 2 феврали нисангонд æрцудæй еума паддзахадон тугъдон хуæрзеуæг – «Фидибæсти тугъди партизанæн», Фиццаг æма Дуккаг къæпхæнтæ ин, уотемæй.**

*Валентин РАСПУТИН (1937-2015), финсæг: «Æрдзæ йемидзаг æй аллихузон хуарæнтæй. Етæ нæ ’нцæ, зæгъгæ, уæд адæймаги цæстæн дуйне цидæр æнæнаппæ уазал фестидæ, æ уод æ реугудури æнæсæрфатæй лæууидæ. Уотæ адæми муггаг дæр нацити берæ хузтæй æй ахедгæ, бæркадгин. Етæ кæрæдзебæл æмбæлунцæ ести нæуæг хуарз менеугутæ райсуни оххайæй, хæларæй, цæстуарзонæй кæрæдзебæл сæхе бæттунцæ, еу иннебæл ахур кæнуй...»*





КЪЕСАТИ Марати конд хузæ «Имисуйнаг».

# ИРИСТОНИ ЦАРДИУАГÆ



**МÆХÆМÆТТИ Æхсарбег** (1920-1983),
историон наукити доктор:

***«Нæ адæми æгъдауи, не ’рдигон адæймаги уаги хъæбæр бæрæгæй зиннунцæ адæймагдзийнадæ, берæ æности дæргъи иннæ адæмти хæццæ æнгом цæруни фæлтæрддзийнадæ: алли адæм дæр ин фадуат лæвардтонцæ сæ культури хуарздзийнæдтæ ’рбайсунæн. Абони дзубанди ци æгъдæуттæбæл цæуй, етæ æвдесунцæ нæ адæми культури гъæздугдзийнадæ.***

Алли адæммæ дæр ес сæхе æгъдæуттæ. Етæ хъæбæр раги фæззиндтæнцæ. Кудфæстæмæ, уотæ æййевгæ цудæнцæ, уой хæццæ хуæздæргæнгæ.

Берæ хуарз æгъдæуттæ ес ирон адæммæ дæр. Етæ æнгом баст æнцæ кæрæдзей хæццæ. Еске си ку фехалай, уæд дæ адæм уайтæккæдæр бафеппайдзæнæнцæ. Зæгъдзæнæнцæ дин: мæнæ ами хуарз бакодтай, мæнæ уоми ба – лæгъуз.

Зæрдæбæл дарун гъæуй еу гъуддаг: мах адæми æхсæнадон æгъдæутти бундор æвæрд æрцудæй недзаманти, муггагæй ма ку цардæнцæ, уæд. Уомæ гæсгæ дессаг нæй, феодалон æма капиталистон æхсæнадон цардæвæрди ма муггагæй царди рæстæги æгъдæуттæ ке фæззиннунцæ, уой хæццæ хатгай тухгинæй, е. Фал рæстæг домбай æй. Размæ куд цæуй, уотæ æнауæрдонæй сæттуй зæронд æгъдæуттæ – нæуæг æхсæнадон фæззиндтитæ домунцæ нæуæг рахастдзийнæдтæ, нæуæг цæстингастæ. Еци хузи уæлдай домагæдæр разиндтæй капиталистон цардарæзт. Е æ домбай куройни æрæнсадта хуæнхаг адæми æхсæнадон цардиуагæ.

Махæрдигон адæймаг æ фиццаг бакаст æма миутæй дæр æхе кæддæриддæр æргом кодта æма кæнуй нур дæр. Бæрæг æнцæ æ исдзурд, æ салам. Зундгонд ахургонд Пфафф финста: «Къæрцгъосдзийнадæ æма ездондзийнадæ сæмæ уа (гъома, ирæнттæмæ – *Ред.*) – æгъдауи тæккæ фиццагдæр домæн». Еци ахургонд, æ гъуди идарддæр хъæртун кæнгæй, дзурдта: «...Мах ирæнттæмæ бафеппайдтан уой, æма рагацау лæмбунæг расагъæс кæнунцæ, ци миуæ бакæнунмæ, ци зæгъунмæ фæгъгъавунцæ, уобæл. Æцæгæлæнтти хæццæ сæ дзубанди æй фæлмæн».

## ХЕСТÆР-КÆСТÆР КÆМИ НÆ ЗОНОНЦÆ, УОРДÆМÆ ФАРНÆ НÆ ЦÆУЙ!..

Ирон адæм хъæбæр нимайунцæ хестæрти æма силгоймæгти. Уони хæццæ дзорунцæ ездон цъухи уагæй. Æгъдауи бæрæг æнцæ, сæ хæццæ ци æвзагæй дзорæн ес æма нæййес, сæ рази хе куд дарун гъæуй, уой. Зæронд лæг ку фæззинна, уæд ин гъæуама кæстæртæ уæлæмæ исистонцæ, уой хæццæ хæдзарæмæ ку бацæуа, айдагъ уæд нæ, фал, гъæунги ку цæуа, уæддæр. Уæхæн дзамани хестæр фæззæгъуй: «Арфæгонд уотæ, исбадетæ». Фал уæддæр æригæнттæ фæллæуунцæ, цалинмæ хестæр еуцæйбæрцæдæр райевгъуйа, уæдмæ.

Кенæ ба, зæгъæн, лæгтæ фæццæунцæ къуарæй. Дууæ ку уонцæ, уæд гъæуама кæстæр цæуа рахесæрдигæй, хестæр – астæуæй, астæуккаг кари лæг ба – галеуæрдигæй. Уæхæн фæткæ цæмæн æвæрд æрцудæй? Кедæр си багъудæй иннетæй рараздæр ун (зæгъæн, над исбæрæг кæнун, цидæр исаразун), уæд гъæуама ихæс банхæст кæна тæккæ кæстæр, рахесæрдигæй цæуæг. Дууемæй байзайгæй, хестæр фæууй рахес фарсæй.

Уæхæн æгъдау ес бæхгинтæмæ дæр. Еуæй-еу рауæнти (зæгъæн, Тæгиатæмæ) адтæй уæхæн æгъдау, æма тæккæ кæстæр бæхгин цудæй разæй. Иннетæ – æ фæсте. Уотемæй хестæр адтæй æ бунати – рахес фарсæй. Тæккæ кæстæр гъæуама адтайдæ галеуæрдигæй, кæронæй. Еугурей хестæр ба – рахесæрдигæй, дуккаг. Уомæн æ галеу фарс – дуккаг хестæр.

Бæлццæнттæ бахъæрдтæнцæ сæ бунатмæ, зæгъæн, иуазæгуати. Рахизтæнцæ бæхбæттæни рази. Е бæ фæууй колдуари рази. Уой хæццæ ба ма бунатмæ бæхъæртгæй, бæлццæнттæ гъæуама æрлæудтайуонцæ уотæ, цæмæй цæгиндзæ райзадайдæ бæхти рахесфарс. Кенæ ба багъæуздзæнæй хæдзарæн æ къилдунмæ рахезун. Е ба хæдзари хецаумæ гъулæг фæккæсдзæнæй, гъуди кæндзæнæй, нæ мæ нимайунцæ, зæгъгæ. Бæхти бæттуй кæстæр, фусунтæй зæронд лæг кенæ æфсийнæ, уонæй уæлдай иуазгутæбæл исæмбæлæг ку неке уа, уæд.

Иуазæг бæхæй нæ рахезуй, цалинмæ фусунти хецау æ размæ рацæуа æма ин «еблагъуæ» нæ зæгъа, уæдмæ.

Хестæр цæунвæндæ ку искæна, уæд имæ кæстæр æ бæх бакæнуй. Е хæдзарæмæ ку ’рбацæуй, уæд æ размæ кæстæртæ рауайунцæ, æ бæх, æ нимæт, æ саргъ ин бафснайунцæ.

Дууæ бæхгини надбæл ку фембæлиуонцæ, уæд гъæуама æрбацудайуонцæ кæрæдзей рахесфæрсти: гъæуама кæрæдземæ равардтайуонцæ галеуфарс. Цæмæн? Бæхгинти рахес къохти уиуонцæ æхситæ. Æгъдаумæ гæсгæ, исæмбæлгæй, æхсæ гъæуама æвдист ма цудайдæ. Е ’хсæ римæхсæгау бакæнидæ иуазæг фусунти тургъæй ку рараст уидæ, уæддæр.

Иуазæг æ фусунтæй естæмæй боз нæй, зæгъгæ, уæд е ’хсæй æрцæвидæ бæхи рагъ. Уæхæн дзамани фусун æхе неци уинæг æма неци лæдæрæг искæнидæ, фал æхенимæри ба зæгъидæ: уой дин нæ зæрдæбæл бадардзинан.

6

## ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ...



*Дууæ циргъзунд лæги Сæтти æма Бæтти адтæнцæ иуазæгуати, æма син хуæрди фæсте сæ рази æрæвардтонцæ тæвдæ басæй идзаг фæйнæ къоси. Æ къосæй фиццаг Сæтти дзæбæх ку исхупп кодта, уæд ин тæвдæ басæ æ комикъолтæ уотæ басугъта, æма æ цæститæ тугурмæ нидздзангъир æнцæ. Бæтти æй фæрсуй:*

*– Ци дæбæл æрцудæй, Сæтти?*

*Е ин тухуолæфт кæнгæй зæгъуй:*

*– Мæ хæрæг уæззау сæйгæй ниууагътон, æма имæ мæ зæрдæ ’хсайуй…*

*Уæдмæ Бæтти дæр басæй хуарз исхупп кодта, уомæн дæр æ комикъолтæ расугъдæнцæ, æма е дæр тугурмæ нидздзангъир æй. Æма ’й Сæтти фæрсуй:*

*– Ду ба ци кодтай?*

*Бæтти ма исфæразта зæгъун:*

*– Дæ хæрæги уасун мæмæ фегъустæй æма уомæ игъосун…*

* * *

Æма нæмæ уæхæн сæттитæ-бæттитæ минкъий ес: еу ести бæлахи ка бахауй, уæд си иннети багъæуай кæнуни бæсти æнгъæлмæ кæсдзæнæй, еске ма си куд бастъæла, уомæ… Нæ фидтæлтæмæ ба адтæй алæмæти фæткæ: цидæр тасæфтауæг сæмæ ке æрбампурсуй, уой фиццагидæр ка æрæстæфидæ, е фæффæдесон уидæ, гъæуайгæнæг мæсугти сæрбæл райарт кæнидæ, цæмæй фудхабар базудтайуонцæ еугурæй дæр, хеуон æй æви нæ, уой не ’взаргæй…



**БАГЪÆРАТИ Созур (1888-1928), поэт: «Æнахур адæмбæл мæ зæрдæ нæ даргæй, сæ хæццæ ку цæун алкумæ дæр…»**

Гъеууотæ мах дæр, цидæр æнæзонгæ «хуæрзгæнгути» гагати хузæн сайæнтæмæ æрхицæ кæнгæй, сæ фæдбæл ниййарцæ уæн, æма нин нæ еци миуæ фæсмойнаг исуй. Зæгъæн, мæнæ депутат исунмæ ка фæббæллуй, етæ нин берæ додотæй зæрдитæ февæрунцæ, фал си феронх унцæ, куддæр сæ равзарæн, уотæ. Æма ци? Куд фæззæгъунцæ, кардæй ма донмæ лæборæ…



**ТЛАТТИ Хох (1880-1932), финсæг: «Лæгæн æ иуæнгтæй еу ку реса, уæд еугур бауæр дæр ресуй; бауæр ку реса, уæд алли иуонг дæр ресуй. Уотæ ’нцæ адæм дæр…»**

Нæ абониккон æхсæнади бауæри æнæнездзийнадæ уоййасæбæл никкуддæртæ ’й, баргинтæ æма æнæбаргинтæбæл карздех ке фæцæй, уой фудæй. Æма си еу иуонг – баргин – нæбал лæдæруй инней – æнæбаргини рист. Баруагæс уи уæд, уæхæн бауæр хъæбæр тæссаг незгун æй…



**Виссарион БЕЛИНСКИЙ (1811-1848), литературон критик: «Адæймагæн е ’ндагон кæдзосдзийнадæ æма аййевдзийнæдтæ гъæуама æ медæггаг кæдзосдзийнадæ æма федауцæ æвдесæг уонцæ…»**

Гъулæггагæн, ахид ба уотæ дæр фæууй: æндагон аййевдзийнæдтæ æма кæдзосдзийнæдтæ фæрримæхсунцæ медæггаг сахъатдзийнæдтæ æма цъумурдзийнæдтæ. Е уæлдай лæгъуз ба уæд фæууй, æма нæ цардиуаги гъуддæгутæ кæмæй аразгæ ’нцæ, уони уодиконди менеугутæй ку разиннунцæ. Уотæ ке ’й, е ни æруагæс кæнуй абони нæ чиновниктæ, депутаттæ æма æндæр лæгигъæдгунти æведауцæ миутæй.

**Советон Цæдеси Маршæл, Советон Цæдеси дууæ хатти Бæгъатæр, Социалистон Фæллойни Бæгъатæр, Манголи Адæмон Республики Бæгъатæр Климент Ефреми фурт Ворошилови райгурдбæл 4 феврали æнхæст кæнуй фондз æма авдинсæй анзи (1881-1969).**

***ДАУРАТИ Дамир, Цӕгат Иристони адӕмон финсӕг: «Хӕмицати Морис мӕнӕн мӕ устур еузӕрдиуон ӕрдхуард ӕй. Берӕ ӕнзти дӕргъи зонӕн нӕ кӕрӕдзей. Устур аргъ ин кӕнун. Алцӕмӕйдӕр ӕнхӕст адӕймаг ӕй. Фиццагидӕр ин ӕ хӕларзӕрди рахаст уайтӕккӕдӕр рартасӕн ес. Мӕ уацаутӕй мин цалдӕр ратӕлмац кодта ӕма си арфиагӕй байзадтӕн».***


ХӔМИЦАТИ Морис ӕ рохсаггаг мадӕ Катяй, ӕ кӕстӕр ӕнсувӕр Хӕмиц ӕма фурт Тайморазихӕццӕ.

# ЦАРДИ ӔНЗТӔ – ХУМГӔНДИ АУӔДЗТӔ, СӔ ФЕДАУЦӔ БА – ХУӔРЗТИЛЛӔГ...

*Хӕмицати Морис райгурдӕй ӕма исгъомбӕл ӕй Ирӕфи райони рӕсугъддӕр гъӕутӕй еуеми – Толдзгуни. Аци рауӕн ӕ ӕрдзон уавӕрти туххӕй исхудтонцӕ «минкъий Кисловодск». Сувӕллони ирӕзтӕн ци гъӕуй, еци уавӕртӕй си алцидӕр адтӕй: кӕдзос уӕлдӕф, рӕзӕ, уорсаг, ӕгъдаубӕл хуӕст ӕмӕ кустуарзон адӕм, фидтӕлти уагӕбӕл гъомбӕладӕ.*

*Ӕма уотемӕй ардигон кӕстӕртӕ сӕ ирисхъи нӕдтӕбӕл ранӕхстӕр уогӕй, рӕствӕндаг куд нӕ кодтайуонцӕ. Уотӕ Морис дӕр. Ӕма уой туххӕй ба ӕхецӕй хуӕздӕр ка зӕгъдзӕнӕй! Байгъосӕн имӕ.*

Адӕймаг ци зӕнхӕбӕл, ци бӕсти райгура, уой хӕццӕ, ӕ хуараздзийнӕдтӕ, ӕ сагъӕстӕ, ӕ зинти хӕццӕ баст куд нӕ фӕууй ӕ цард еугурӕй дӕр? Сувӕллон зӕрдӕбӕл дарагӕ 'й: нӕ гъӕу Толдзгуни фиццагидӕр (кӕд ма ести гъуди кӕнун, уӕд) махмӕ фӕззиндтӕй радиоприемник, «Родина», зӕгъгӕ, хундтӕй. Мӕ фидӕ Зелимхан скъолай ахургӕнӕгӕй куста, уойиасӕбӕл берӕ ӕхца нӕ иста, фал си уӕддӕр рауӕлдай кодта ӕма балхӕдта радио. Гъема сӕумӕраги, ӕхсӕз сахаттебӕл, сӕрди уа, зумӕги, райгъусидӕ Кремли сахати зӕлланг, уӕдта ниццӕгъдиуонцӕ Советон Цӕдеси Гимн. Уомӕй райдайидӕ нӕ алли бон дӕр.

Уӕди рӕстӕги, уӕдта уой фӕсте ӕнзти дӕр, скъолай ахур кӕнгӕй, игъосинӕ фӕстаг хабӕрттӕмӕ Мӕскуйӕй. Дзурдтонцӕ ахид дуйней алли


Мӕ фидӕ Хӕмицати Базжей фурт Зелимхан дӕс ӕма инсӕй анзей бӕрцӕ бакуста Толдзгуни скъолай райдайӕн кълӕсти ахургӕнӕгӕй. Аци хузи ӕ ахурдзаути хӕццӕ урокти астӕу уолӕфӕн рӕстӕги скъолай тургъи. Къарӕ ист ӕрцудӕй, ӕвӕдзи, 50-аг ӕнзти кӕрони.

кӕрӕнтти ци бӕлӕхтӕ, тугъдтитӕ, хӕлхъойтӕ ӕма лӕгъуз миутӕ цудӕй, уони тухххӕй. Ӕз ба цийнӕ кодтон – мӕнӕ ци хъаурӕгин, ци домбай бӕсти цӕрун, тугъдӕн, хӕлхъойӕн нӕмӕ ӕ кой дӕр нӕйййес, сабурӕй, ӕнӕмӕтӕй ӕрветӕн нӕ рӕстӕг, кӕнӕн нӕ хабӕрттӕ. Сӕрустур адтӕн, еу загъдӕй, мӕ бӕстӕй, мӕ паддзахадӕй, мӕ исонмӕ нифсгунӕй кастӕн...

Еууӕхӕни мӕ фидӕ скъолайӕй иссудӕй, цидӕр мӕтъӕл адтӕй. Мӕ мадӕ 'й бафарста, ци кӕнис, ести ди ресуй, зӕгъгӕ. Е арф ниуулӕфтӕй ӕма уотӕ бакодта:

– Сталини сӕри хъанзи тог бакалдӕй...

Багузавӕ кодта мӕ мадӕ дӕр, зингӕ фӕммӕтъӕлдӕр ӕй.

Дуккаг бон ку иссудӕй фӕсуроктӕ мӕ фидӕ, уӕдта еу усмӕ неци дзурдта, уӕдта ӕ цӕститӕ дони разилдта ӕма мӕ мадӕмӕ ӕрбакастӕй:

– Сталин рамардӕй...

Фидӕ рандӕй фӕстӕмӕ скъоламӕ, уоми, гъӕусовети рази урух тургъи гъӕуама адтайдӕ саударӕн митинг. Мӕ мадӕ ба уӕрдундони цидӕртӕ куста. Еу усмӕ мӕмӕ уотӕ фӕккастӕй, цума ӕхе меднимӕри

заргӕ кодта, фӕддес ибӕл кодтон, уӕхӕн хъонцгӕнӕн хабари фӕсте куд зарӯй, зӕгъгӕ. Фал имӕ лӕмбунӕг ку байгъустон, уӕдта 'й балӕдӕрдтӕн: ӕхецӕн гъарӕнгӕ кӕнуй мӕ мадӕ. Сабургай кудтӕй ӕма уотемӕй цидӕртӕ архайдта.

Еци бӕнтти айдагъ мӕ гъӕуи цӕргутӕ нӕ хъонц кодтонцӕ. Ӕнӕгъӕнӕ устур бӕсти дзиллитӕ дӕр ӕнӕвгъауӕй калдтонцӕ сӕ цӕстисуг, лӕдӕрдтӕнцӕ – уӕхӕн хъаурӕгин разамонгутӕ, фӕтӕгтӕ ӕстӕн фӕуунцӕ ӕма сагъӕси бацудӕнцӕ сӕ исонибонбӕл, сӕ изолдӕри цардбӕл.

Ӕма, ӕцӕгӕйдӕр, уотӕ рауадӕй ӕма домбай паддзахадӕ фӕккиудтӕй, ӕ хъаурӕ, ӕ ерисхъӕ кунӕг кӕнун райдӕдтонцӕ. Хуарз ма гъуди кӕнун, ӕхсайӕймаг ӕнзти райдайӕни дзолласӕн хуӕдтолгӕмӕ куд ӕнгъӕлмӕ кӕсианӕ, уӕхӕн алли алцӕмӕй гъӕздуг бӕсти къӕбӕр куд исзамана ӕй, адӕм ци тухститӕ ӕвзурстонцӕ, уой.

Берӕ, ӕгӕр берӕ ӕнӕлӕдӕрд миутӕ цудӕй нӕ уӕдиккон цардиуаги, берӕ си адтӕй гъӕладзийнӕдтӕ, адӕми гъезӕмарӕгӕнӕг. Абони кӕмӕдӕр ходӕг фӕккӕсдзӕнӕй, фал цӕргутӕй бустӕги гириз кӕнун байдӕдтонцӕ, нӕбал син уагътонцӕ берӕ фонс дарун. Хӕргутӕ ба уӕлдай, бустӕги ӕнӕгъӕугӕ фиртӕнттӕбӕл нимад ӕрцудӕнцӕ, ӕрӕмбурд сӕ кӕниуонцӕ, гуфити сӕ бакалиуонцӕ ӕма сӕ кумӕдӕр фӕлласиуонцӕ, уотӕ дзориуонцӕ мӕргъти фермитӕмӕ, дан, сӕ кӕркитӕн хуаллагӕн...

Фал ма уӕддӕр нӕ исонӕн уоййасӕбӕл нӕ тарстан, уӕддӕр ма паддзахадӕ ӕ къӕхтӕбӕл лӕудтӕй, ӕ еуӕй-еу разамонгутӕ хӕрӕ-уӕрӕ миутӕ кӕд ракӕниуонцӕ, уӕддӕр.

Ӕнӕ еске агъазӕй, ӕнӕ еу къапекк бафедгӕй, бацудтӕн институтмӕ. Ахур кодтон иннетӕй лӕгъуздӕр нӕ, сӕрди ба студентти арӕзтадон къуари хӕццӕ Казахстанмӕ рандӕуианӕ, аразтан фермитӕ, хӕдзӕрттӕ, клубтӕ. Къапекк бакосианӕ, е дӕр нийийергутӕн сӕ къох рӕуӕггӕнӕг агъаз уидӕ. Аллирауӕн дӕр – изоли, хӕстӕги – нӕхе лӕдӕрдтан, цума нӕхемӕ, нӕ хӕдзари ан, уотӕ. Еу бӕстӕ, еу адӕм ӕма еу уагӕвӕрд, советонтӕ еу загъдӕй.

Еу хатт ба дууинсӕй сомей хӕццӕ ниммедӕг дӕн Ашхабадмӕ. Ӕфсади ку адтӕн, уӕд уоми еу дзӕбӕх туркменаг бицъеуи хӕццӕ балимӕн дӕн, ӕ ном Бешим, ӕ муггаг ба Курруков. Ахид мин дзоридӕ служби фӕсте мӕмӕ иуазӕгуати ӕрцо, зӕгъгӕ. Ӕз ӕмгъудтӕ кодтон, кӕми рӕстӕг нӕ адтӕй, кӕми фӕндаггаг. Уӕд еууӕхӕни шифертӕ ӕлхӕнунмӕ рандӕ дӕн Кӕсӕгмӕ. Нӕ сӕбӕл исцурӕвӕрӕ дӕн, уӕд нури хузӕн парахат нӕ адтӕй аразӕн ӕрмӕги хабар.

Нӕййес, уӕд нӕййес. Мӕ сӕри ци фӕммедӕг ӕй, магъа, ӕма дин Минводи аэропорти ку исмедӕг уинӕ, аст ӕма инсӕй сомемӕй Ашхабадмӕ билет ралхӕдтон ӕма дууӕ сахаттей фӕсте Туркменистани балӕудтӕн. Куд адтӕй, ци адтӕй, уобӕл нӕ дзордзӕнӕн, цалдӕр бони си фӕддӕн, хъӕбӕр мӕ исиуазӕг кодта Бешим, уорӕдта ма мӕ, фал нӕхемӕ айфонмӕ цитӕ кӕнунцӕ, зӕгъгӕ, ратахтӕн. Сӕумӕ ратахтӕн, фӕсарӕфти цуппар сахаттебӕл ба нӕ гъӕуи адтӕн. Ӕрхаудтӕй мӕмӕ си уайдзӕфтӕ нийийергутӕй... Гъай-гъай, ӕригонӕй адӕймаг устурзӕрдӕ фӕууй, хатгай изолдӕр нӕ рагъуди кӕнуй.

Уой цæмæ гæсгæ дзорун… Нур ба ма равзарай уæхæн балци ракæнун! Хæстæг фæсарæнтæ нин иссæнцæ нæ раздæри æнсувæрон республикитæ...

1991 анзи мæбæл æнстæ дæр цудæй, фæллæдæргæ дæн, мадта куд фæууй. Æма мæмæ багъардта, мæ Райгурæн бæстæ, мæ Фидибæстæ тæссаг билгæронбæл ке 'рлæудтæй, е. Æндагон нæуарзæгойти бон ин сæ комкоммæ знаггадæй неци бацæй, фал æй медæзнæгтæ ба нæ астæу сабургай æхсидтонцæ æма ниггупп кодта… Æнæ устур тугъд, æнæ хæлхъой, æнæ 'ндæрæй. Рæсугъд, сайæн, бæрзонд дзубандитæй нин нæ гъостæ æхснадтонцæ, метин мæсгутæ нин амадтонцæ, утемæй.

Китайæгтæ, еске ку фелгъетунцæ, уæд ин утæ фæззæгъунцæ: «Устур хæлхъойтæ, устур æййивддзийнæдти доги цæргæ дин рауайæд...»

Махмæ дæр уæхæн хæлхъой догæ æрхаудтæй. Нæ муггаги хестæр, Хæмицати Алийхан, рохсаг уæд, сæдæ анземæй фулдæр фæццардæй. Райгурдæй капитализми доги, æ цæрди фулдæр рæстæг рарвиста социализми, уæдта бабæй дзихъирт нæуæгæй капитализми æгъдæуттæ фæуууидта.

Мах фæлтæрæй ма, нæ зонун, сæдæ анзи еске фæццæрдзæнæй, фал мах социализм бавзурстан, капитализм уинæн нæхе цæститæй. Изолдæр ба ма ци уодзæнæй, цо, ба 'й зонæ...

Гъе утæ 'й, адæймаг куд фулдæр цæра, утæ фулдæр хабæрттæ, фулдæр дессæгтæ æма гъуддæгутæ уинуй. Æцæг, нивгун ба уæд фæууй, æма си æ зæрдæ ку рохс кæна...

Морисæн æ цардвæндагбæл рацæуæнти ци берæ аллихузон гъуддæгути архайгæ рауадæй, уонæн сæ сæйрагдæртæй ба иссæй исфæлдистадон куст. Мæнæ æхуæдæг куд зæгъуй уой фæдбæл:

– Æвдæймаг къласи ма ку ахур кодтон, уæд республикон газет «Æригон коммунист» æма журнал «Пионерская правда»-мæ ме 'рмæгутæ рарвистон, æма мин сæ мухур кодтонцæ. Фарæстæймаг къласи ба мин Дигори райони газети ниммухур кодтонцæ мæ фиццаг радзурд æма мæ скъолай гиризгæнгæй «финсæг» хонун райдæдтонцæ.



**ХÆМИЦАТИ Морис æма æ цардæмбал Любæ сæ кæстæртæ æма сæ хуарз хæстæг ТОРЧИНТИ Светлани (рахесæрдигæй фиццаг) хæццæ.**

Каст фæдтæн Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл университети филологон факультет, уруссаг-ирон хайадæ. Косун райдæдтон ахургæнæгæй скъолай. Фал мин мæ зæрдæ æхемæ хъæбæр æлваста журналистикæ, æма 1981 анзи бахистæн газет «Рæстдзинад»-и къæсæрæй. Уордæмæ мæ æрбахудта Тегати Сулейман. Байайфтон си фæлтæрдгун журналистæ Хъулати Чермен, Бæдоати Алисолтан, Хутъинати Махарбег æма Губати Чермени. Редакторæй ба куста Хъанухъуати Валоди. Еу анзæй фулдæр бакустон «Рæстдзинад»-и, уæдта радио-комитетмæ райиивтон.

Сауæнгæ пенсий ку рацудтæн, уæддæр исфæлдистадон кустбæл нæ исуступзæрдæ дæн. Радио-комитети фæсте дæс анзи Хуæнхон-аграрон университети бакустон. Мухури уагъутон студентти газет «Дружба» 2008 анзæй 2018 анзи уæнгæ. Цалдæр анзæй размæ ба фæстæмæ æрбаздахтæн, кæддæр фиццаг къахдзæфтæ кæцæй райдæдтон, еци газет «Рæстдзинад»-мæ.

Мæ исфæлдистадон кусти хатдзæгтæгæнæни хузи мин иссæнцæ мæ бацæттæгонд киунугутæ: «Уæркий бæласæ», «Повесть о Хазнидоне», «Под крылом небесной сестры», «Мæ гъæу Толдзгун», Габети муггаги æма мæхе муггаги анзфинститы киунугутæ.

### ЦÆРÆ ÆМА НИН ЦÆРÆ!..

Мориси райгурди бæрæгбон махæн цитгийнаг æй, уомæн æма нин зæрдтагон æй куд нæ хуарз æрдхуард, не 'мгустгæнæг æма ин зæрдиагæй арфæ кæнæн!

*… Лексо арф ниууолæфтæй, утемæй æ фæлмæн цæстингас рахаста сувæллæнттæбæл.*

*– Рацæуудзæнæй æнзтæ. Байрæздзинайтæ, исустур уодзинайтæ сумах дæр. Алкедæр иссердзæнæй æ бунат царди. Фал кæмидæриддæр уайтæ, цийфæнди устур бунат ахæссайтæ, уæддæр макæд исустурзæрдæ уотæ дуйней рохс кæми фæууидтайтæ, цæрди адæ кæми базудтайтæ, еци бæстæбæл, уæ гъæубæстæбæл. Бæласæ æ уедæгтæй федар æй, адæймаг ба – æ райгурæн зæнхæй, æ къæбæстæй. Уæд уин уодзæнæй аргъ адæми 'хсæн дæр, уæ цæрди гъуддæгутæ дæр уæд цæудзæнæнцæ рæстмæ…»*

*Ауæхæн æй Хæмицати Мориси финст радзурдтæй еуей («Бæласæ æ уедæгтæй федар æй…) кæронбæттæн. Æма 'й хумæтæги нæ æримистан – Морис æ цæргæ-цæрæнбонти æ исфæлдистадæй дæр æма æ цардæгъдауæй дæр архайуй уобæл, цæмæй нæ дзилли, уæлдайдæр ба нæ ирæзгæ фæлтæрти уодиконди федар кæна рæстзæрдæй Фидибæстæ уарзуни разæнгарддзийнадæ, нæ адæм цийфæнди æгудзæг æма тухст уавæрти дæр ке фæрци тухгин разинниуонцæ, цифуддæр знæгтæбæл дæр фæууæлахез уиуонцæ, еци зундирахаст цæмæй цæрæццаг уа нури доги дæр… Æма æ еци фæллойни нæ фæллайуй, уомæн æвдесæн æнцæ, мæнæ фæстаг рæстæгути Дигори гъæутæй цалдæрей туххæй ци киунугутæ бацæттæ кодта, етæ дæр.*

*Уæлдай æхцæуæн ба нин е æй, æгайтима имæ нерæнгæ дæр ма уæхæн уоди хъаурæ ес. Мориси Иристони беретæ зонунцæ. Зонгæ ба 'й кæнунцæ, куд искурдиадæгин журналист æма публицист. Куста газет «Северная Осетия»-йи æма Цæгат Иристони паддзахадон радиой, газеттæ «Стыр Ныхас»-и, Хуæнхон паддзахадон агроуниверситети газет «Хæлардзийнадæ»-йи сæйраг редакторæй. Æнæкæрон берæ уарзуй спорт, радиойæй футболæй гъæзти репортажтæ абони дæр хуарз гъуди кæнунцæ спортуарзгутæ, æ очерктæ æма уацтæ цæунцæ адæми зæрдæмæ, æхцæуæнæй сæ фæккæсунцæ алкæддæр газетти фæрстæбæл.*

*Ес ин, куд не 'мбæлуй, уæхæн уарзæгой зæрдæ. Маст дин неци хузи искæндзæнæй, дæ ристбæл фæрресдзæнæй, дæ цийнæбæл сувæллони хузæн фæццийнæ кæндзæнæй. Багъæуаги, уæлдайдæр æнкъард ку уай, уæд фæндур æрбайсдзæнæй, уæхæн цæгъдтитæ дин æркæндзæнæй æма дæ рист феронх уодзæнæй, базуртæ дæбæл басадздзæнæй.*

*Нæхе Морис! Рагæйдæр лæгдзийнæдтæй хайгин дæ, царди сæ арфиаг гъуддæгутæй исæцæг кæнис, æма ди уомæй нæ дзиллæ боз æнцæ. Нур дæ лæги кари бацудтæ, æма дæхецæн дæ зæрдæ цидæриддæр зæгъуй дæ бийнонти къуари хæццæ, мах дæр дин уой аккаг кæнæн. Æма зæрдрохс, райдзаст уо, нез дæмæ авд æгарцемæй хæстæгдæр макæд æрбацæуæд! Цæрæ æма нин цæрæ!*

**Газет «ДИГОРÆ»-йи редакций коллектив**

## ЦАРД ДÆ ЦИ БЕРÆ ЦÆМÆЙДÆРТИ ÆРФÆРСТИТÆ КÆНУЙ, УОНÆН ДЗУАПП ДÆТТУНГЪОН УН ДÆР ЛÆГДЗИЙНАДÆ ÆЙ...



**– Цал анзи дæбæл цæуй?**

– Дæлæмæ дæр, уæлæмæ дæр – цуппаринсæй анзи.

**– Нийергутæ?**

– Фидæ – Зелимхан, Мадæ – Катя Хъарданон, дзенети уæд сæ бунат. Нимад адтæнцæ адæми 'хсæн.

**– Ахурадæ?**

– Цæгат Иристони паддзахадон университети филологон факультет, уруссаг-ирон хайадæ.

**– Кæмити кустæй?**

– Газеттæ «Дигорæ», «Рæстдзинад», киунугути рауагъдадæ «Ир»-и. Тæккæ фулдæр ба – Цæгат Иристони республикон радиой.

**– Дæ фиццаг мухургонд æрмæг кæми рацудæй?**

– Еугурцæдесон газет «Пионерская правда»-йи 1957 анзи.

**– А фæстаг доги дæ устурдæр æнтæст?**

– Нæ муггаги туххæй киунуги рауагъд.

**– Динмæ ци цæстингас дарис?**

– Мæ рагон фидтæлти динбæл устурзæрдæ нæ кæнун.

**– Бийнонтæ?**

– Ес.

**– Сувæллæнттæ?**

– Æртæ кизги æма фурт. Алкæмæндæр си ес бийнонтæ, цæуæт.

**– Хъæбæрдæр цæмæй дæ сæрустур?**

– Нæлгоймагæн æ царди райдайæни æ размæ ци ихæстæ фæллæууй, уони, мæнмæ гæсгæ, исæнхæст кодтон, нимайгæ сæ нæ кæндзæнæн.

**– Анзи афæнттæй фулдæр кæций уарзис?**

– Сугъзæрийнæ фæззæг.

**– Царди дæ устурдæр рæдуд?**

– Æрцæуйнаг ци уа адæймаги царди, уой некæдмæ неке базудта æма бауорæдта, цийфæнди ку фæккæна, уæддæр – нивти киунуги финст æй…

**– Тæккæ бæрзонддæр бунати дæмæ æвæрд ка æй, еци политикон архайæг?**

– Дзенети бадуйнаг Дзугати Бесой фурт Иосиф.

**– Дæ уарзон зартæ?**

– Хæмицати минкъий Хæмици зар, уæдта «Фыдæлты зæхх» (Хутугати Маринæ 'й заруй).

**– Дæ уарзон хуæруйнæгтæ?**

– Голубцытæ ке хонунцæ, етæ, дзæхæрагун, пириндзи касæ.

**– Циуавæр ниуæзтæбæл нæ кæнис устурзæрдæ?**

– Уорс нартихуар æма задæй конд нæхемæ кæдзос арахъбæл. Биццеуæй ба берæ уарзтон сатæг медæггойни сæгъдзарæй гæбæти къæпуй месин.

**– Нæ маддæлон æвзаги дæ уарзондæр дзурд?**

– Фидибæстæ.

**– Кувдтитæй дин кæцитæ хъазардæр æнцæ?**

– Не 'Сфæлдесæгмæ, Уасгергимæ, уæдта «Дуйне сабур уæд…»

***БРИТЪИАТИ Елбиздихъо (1881-1923), драматург, театралон архайæг: «Фидтæлти цардæй рахецæн ан. Мæсгутæ æма галауантæ ниуугътан, нæуæг цардмæ ба хъæртгæ нæма бакодтан... Ан уæхæн надбæл, æма фæстæмæ раздæхæн кæбæлти нæбал ес, размæ цæунæн ба сау талингæ æма тар мегъæ нæ уадзунцæ...»***



КАДЖАТИ Вадими конд хузæ «Нæ рагфидтæлти зæрдæбæлдарæн».

# ИРИСТОНИ ЦАРДИУАГÆ

Æхсæн дарæн нæййес силгоймæгтæ кæми лæуунцæ, уоцирдигæй. Уони рази бæхи цæвун не 'нгъизтæй – уæд е æфхуæрди хузæн адтæй.

Кенæ ба уотæ. Нæлгоймаг фæццæуй фестæгæй. Æ размæ æрбацæуй силгоймаг. Æрбауагъта æй æ рахесфæрсти, лæдзæг ба æ галеу къохмæ райста. Цубур дзурдæй, силгоймаги хæццæ фембæлгæй, нæлгоймаг архайдта уомæн фулдæр, хуæздæр аргъ искæнунмæ, аккаг æгъдау ин раттунмæ. Барæ некæмæн адтæй уой рази хе уæлдæр кæнунæн, хъаурæ 'вдесунæн.

Ирон адæммæ бæрæг адтæнцæ, ке хæццæ куд æма ци 'взагæй дзорун, кæми ци дзорун гъæуй, етæ, салам раттуни æгъдæуттæ. Еске хæццæ дзубанди гъæуама адтайдæ хебæлхуæцгæ, ездон. Æригон биццеу кенæ сувæллон зæронд лæгмæ дзурдтонцæ «дада», «баба», етæ дæр сæмæ дзурдтонцæ: «мæ хор», «мæ хъæболæ», «мæ цæстæ». Аразидзийнади, саламдзийнади, еблагъуи хузи дзурдтонцæ: «табуафси». Хъæбæр гъарунцæ зæрдæмæ сæ дзубандитæ: «дæ рун дин бахуæрон» æма æндæртæ. Лæгбæл фембæлгæй, уомæн гъæуама, æнæмæнгæ, раттай салам, кæд æ хæццæ зонгæ нæ дæ, уæддæр.

Раги адтæй, уæдта нур дæр ес уæхæн æгъдау, æма зонгæ æмбали хæццæ фембæлгæй, гъæуама уой бафарстайсæ е 'нæнездзийнадæй. «Се 'мбæлтти хæццæ, саугæнгæ ма, æгириддæр ке нæ зонунцæ, уони хæццæ фембæлгæй, – финста Хъанухъуати Инал, – ирæнттæ æнæгъдаудзийнадæбæл нимайунцæ, уой е 'нæнездзийнадæй нæ бафæрсун».

Къох есуни æгъдау ирæнттæ райстонцæ иннæ адæмтæй. Сауæнгæ ма 70-аг æнзти дæр ма кæрæдземæн салам лæвардтонцæ, цонг е 'рæмбуйникъæдзæбæл фæкъкъæдзæ кæнгæй æма уотæ зæгъгæй: «Дæ бон хуарз уæд! «Дæ над раст уæд!» Салам раттуни еци дзурдтæ абони дæр байзадæнцæ.

### ХУÆДÆФСАРМÆ АДÆЙМАГ – АДÆМÆН Æ ФЕДАУЦÆ!..

Бæрæг æнцæ нæлгоймаг силгоймагæн салам раттуни, силгоймаги (раздæр салам дæттуй нæлгоймаг) дзуаппи, хестæрæн салам раттуни дзурдтæ æма уотæ идарддæр. Еци саламтæ лæвæрд цудæнцæ æнæ уæлдай дзурдтæй, ездонæй, адæймагуарзонæй.

Æма айдагъ фембæлди рæстæг нæ адтæнцæ ирон адæм уæхæн фæлмæнзæрдæ. Хецæн кæнунцæ, фæндараст зæгъунцæ, уæддæр иуæнгти хезуй сæ алли дзурд дæр. Еци ездондзийнадæ, еци зæрдибунæй цæугæ фæлмæн дзубанди еу æма дууæ иуазæги нæ бафеппайдтонцæ.

Хъæбæр бæрæг адтæй кæрæдзей хæццæ дзубанди кæнуни уагæ. Ами гъудæй хъæбæр хебæлхуæцгæ ун. Адæм ходиуонцæ тагъд æма гъæрæй дзорагæбæл. Æхсæнадон бунати гъæрæй дзорæн нæ адтæй. Тагъд дзорагæй зæгъиуонцæ: «Рæуæг сæр æй!..»

Хуарз некæмæ кастæй, е 'мдзубандигæнæгмæ кæронмæ игъосун нæ фæразун, æ дзурд ин æ гъæлæсæй есун. Уæлдай ходуйнаг ба адтæй, дууæ адæймаги дзорунцæ, уæд сæмæ дзурд гæлдзун. Хестæрти 'хсæн кæстæртæн нæ федудта дзубанди кæнун.

Кæрæдзей хæццæ дзубанди кæддæриддæр цудæй сабургай, æнæсхъиуд дзубандитæй. Неци хузи адтæй æнæуагæ цъухæй дзорун. Рæсугъд, айиев, арфгъуди æмбесæндтæ дзубандий ахид æмбалдæнцæ. Гурумухъ, тузмæг дзубандитæн бунат нæ адтæй. Æвæдзи, адæймагæн куд æхцæуæн фæууй, ирон æвзаг æма ирон æгъдæуттæ хуарз ка зонуй, уæхæнмæ игъосун! Æ дзубанди фæццæуй еци лигъзæй.

Ирон адæм некæд уарзтонцæ, сæ дзубандий ци бæлврд культурæ ес, уой ихалун, уомæ кудфæнди цæстæй кæсун. Дзубанди кæнгæй, ниуæзтгун лæги фæууинд алкæмæндæр синдзи хузæн адтæй. Цитæ лæхурдта, уонæмæ исмæстгун уиуонцæ. Уомæ гæсгæ еци хузи æ нифс неке хаста æхсæнадон бунатмæ бацæун, уæлдайдæр ба уоми е 'взаг исуадзун.

Устур аргъ кодтонцæ адæм финги æгъдæуттæн.

Евгъуд рæстæгути этнографти æма нуртæккæ этнографион æрмæги берæ 'вдесуйнæгтæй зундгонд куд æй, уотемæй ирæнттæ хуæрунмæ адтæнцæ ездон, уæлдайдæр иуазæгуати.

Уруссаг æфсæддон дохтир И.И. Пантюхов Кавкази уогæй, æ гъос дардта бунæттон адæмти цардмæ. Æма е финста: «Ирæнттæ хуæрунцæ уой бæрцæ, æма европаг уотæ хуæргæй берæ рæстæг цæрун нæ бафæраздзæнæй!»

Еци гъуди идарддæр хъæртун кæнуй профессор Кокити С. Е уотæ финста: «Ирæнттæ хуæруйнагмæ сæ гъос уоййасæ нæ дарунцæ, уæдта имæ хъæбæр фæразон, губунбæл хуæцгæ 'нцæ. Фудхуæрд кæнун, губундзæл ун, – зæгъуй е, – æй устур ходуйнаг. Стонги кой минкъий ракæнун дæр нимад цæуй æдзæсгондзийнадæбæл, æнæфсармæдзийнадæбæл. Гъе, уомæ гæсгæ хъæбæр фæразон æнцæ ирæнттæ стонг дзаманти, цийфæнди стонг уогæй дæр, уой туххæй некæд иской кæнунцæ».

### ФИНГИ ÆГЪДАУ АДÆЙМАГÆН ФÆЛВАРÆН ÆЙ...

Уотæ ке гъуди кæнунцæ, уомæ гæсгæ исæвзурдæнцæ финги 'гъдæуттæ дæр. Финги уæлгъос бадгæй, адæймаги берæ фæззелæнтæ зонун гъæуй.

Финги уæлгъос хе куд дарун гъæуй, е кæрæй-кæронмæ дæр бæрæг æй. Иуазæгути уай, дæхе бийнонти 'хсæн уай, уæддæр гъæуама æнхæст кодтайсæ æгъдау. Фингæ хестæрæй-кæстæрæй, алкæмæй дæр агоруй æхе аккæгтæ. Фингитæ аллихузон хуæруйнæгтæй зæу-зæу ку кæнонцæ, уæддæр гъæуама комидзаг кæнай сабургай, минкъийгай, гъæуама фусунтæ ма бафеппайуонцæ, стонг дæ, уой.

Хуæргæй дзорæн нæ адтæй. Ходуйнаг адтæй, ци хуæруйнаг дин æрæвардтонцæ, уой еугурæйдæр бахуæрун. Еуминкъий ма си гъæуама иуазæг ниуугътайдæ æнæвнæлдæй, гъома, фингесæгтæг.

Куд уинæн, уотемæй ирон финги уæлгъос бадун некæд æвдиста рæстæг дзæбæх рарветун, хуарз бахуæрун æма баниуазун. Е адтæй фæлварæни хузæн. Финги уæлгъос адæймаги уагæмæ фæккæсунцæ дæсгай цæститæ. Финги уæлгъос адæймаг æхе куд дардта, уомæ гæсгæ ин исаргъ кæниуонцæ æхсæнади дæр. Уой туххæй алкедæр фингæмæ 'вналдта арæхстгай, дзурдта арæхстгай, гъуди кодта æ алли исдзурдбæл дæр.

Адæймаги менеугутæй æ зунд, е 'сдзурд, æ ракъахдзæфæй фулдæр аргъ нецæмæн кодтонцæ. Уонæмæ гæсгæ си зæгъиуонцæ, цæйбæрцæбæл лæг æй, уой. Финги уæлгъос бадгутæй алкедæр зудта: еци менеугутæ имæ уодзæнæнцæ уæд, æма æ зунд ку нæ баниуаза, уæд.

Хуæрун æма финги уæлгъос дзубанди кæнгæй, алкедæр æхе гъæуай кодта фæррæдуйунæй, ести æнæргъуди миуæ бакæнунæй. Иуазгутæ кæрæдзей фарсмæ фæббадиуонцæ цалдæргай сахæттæ, фал си уæддæр неке фæррасуг уидæ.

Алкæмæндæр барæ адтæй финги ниуазæн нæ баниуазун. Æцæг уæхæн дзамани урдугистæгæй ракоридæ: «Фæццох мæ кæнетæ». Нæдæр финги хестæр, нæдæр урдугистæг нæ ниллæууиуонцæ, седти ниуазæнæн æнæ ниуазгæ нæй, зæгъгæ. Еци барæй лæгæн æ бон адтæй бадти рæстæг еу къуар хатти испайда кæнун.

Уой хæццæ, бадти райдайæни «æз нæ ниуазун» ка зæгъидæ, уомæ идарддæр сæхе нæбал бахатиуонцæ. Еуæй-еуетæ ба ниуазæнæй райахуадиуонцæ æма 'й фæстæмæ урдугистæгмæ раттиуонцæ. Цубур дзурдæй, бадгутæй алкедæр архайдта уобæл, цæмæй æ бон бауа кæронмæ фæббадун æма ма фæррасуг уа.

### АДÆМИ КАДÆ ÆГЪДАУИ ХУАРЗÆЙ ÆНТÆСУЙ!..

Финги уагæ берæ аразгæ адтæй хестæрæй. Фиццагидæр уомæй цæуй æгъдау. Лæдæруй æ алли дзурд, гъуди кæнуй æ алли миуæбæл дæр. Бæллуй уомæ, цæмæй бадт рæсугъд рарвета. Финги хестæрæн фулдæр хæттити исбадун кæниуонцæ иуазгути хестæри, еци бунати еу кенæ дууæ хатти ка нæ бадтæй, æ ихæстæ хуарз ка зудта, уæхæни. Уæлдæр амунд æгъдæуттæмæ, ездондзийнадæ æма æндæр менеугутæмæ гæсгæ бадт цудæй «дипломатон хунди» уагæбæл. Нæ си адтæй, зæрдæмæ ка нæ цудæй, уæхæн миутæ.

Финги уæлгъос адтæй еу уæхæн æгъдау: кæд æма исбадтæ, уæд кæронмæ ма исистæ. Æма алкедæр уотæ кодта. Кæд бадт изæрæй саугæнгæ сæумæмæ рахастайдæ, уæддæр ходуйнаг адтæй «хуссун мæмæ цæуй», «бафæллад дæн» кенæ æндæр ести зæгъун. Кæстæртæ гъæуама фингæй раздæр исистадайуонцæ.

Ирон адæми аллибони царди ма берæ æндæр уæхæн æгъдæуттæ ес. Сæ еугуремæн фадуат нæййес ранимайунæн. Фал ами, æвæдзи, раст уайдæ дæнцæнæн академик В.Ф. Миллери дзурдтæ æрхæссун. Е дзурдта: «Ирæнтти мæгур хæдзæртти европаг сугъзæрийнæ галауантæй фулдæр æгъдау ес».

Ирон хуæнхаг адæми культури хæццæ, царди хæццæ хуарз зонгæ ка адтæй, еу уæхæн уруссаг автор финста: «Хуæнхаг лæги зæрдæ гъæздуг æй. Æ фæлмæн уарзт уайтæккæ разиннуй, кæд дæсгай æностæ хуæнхаг адæмти 'хсæн тузмæгдзийнадæ æвзурун кодтонцæ, уæддæр. Рæсугъддзийнадæ, айиевдзийнадæ, поэзи уомæн æцæгæлон нæ 'нцæ. Е нæ, фал имæ етæ 'нцæ æрдзæй, уæдта, зæгъæн ес, хъæбæр хуарзæй. Хуæнхаг лæг федауцæ æй е 'скъуд цъохъати, гъунтъуз ходи æма нимæти дæр. Лæугæ ку фæккæнуй, уæд еци æмраст, е 'змæлд ба æй тагъд, дзæгъæли хумæтæги некæд дзоруй. Æ миутæ æнцæ хумæтæг æма æнайиеп».

Фæстагмæ мæн фæндуй бафеппайун уой, æма ирон æгъдауи, ирон лæги уаги хъæбæр бæрæгæй зиннунцæ адæймагдзийнадæ, берæ æности дæргъи иннæ адæмти хæццæ æнгом царуни фæлтæрддзийнадæ: алли адæм дæр ин фадуат лæвардтонцæ сæ культури хуарздзийнæдтæ 'рбайсунæн. Уæлдæр дзубанди ци æгъдæуттæбæл цæуй, етæ æвдесунцæ ирон адæми культури гъæздугдзийнадæ.

Аци æгъдæутти туххæй уомæн нæ финсæн, æма сæ еугур дæр фæнзуйнаг æнцæ нуртæккæ, кенæ ба – рагæлдзуйнаг. Хуарзæй си ци ес, е, æвæдзи, исбæздзæнæй царди.

*1968 анз*

**Фондз æма цуппаринсæй анзей размæ (1941 анзи феврали) Цæгат Иристони паддзахадон драмон театри сценæбæл æвæрд æрцудæй англисаг драматург Уильям Шекспири номдзуддæр трагеди «Отелло».**



# БÆХ ÆМА АДÆЙМАГ



**ХЪУЛАТИ Владимир** (1915-1988),
гъæууонхæдзарадон наукити кандидат:

***«Æнæгъæнæ Иристони адæмæн дæр цийнаг æма кадæхæссæг ке 'нцæ Беслæни догъонти хуæрзеугутæ, уой зæрдæбæл даргæй аци хæдзарадæн гъæуй агъаз кæнун. Ахид мæ бафæрсунцæ: «Беслæни ипподромæй цæмæннæ пайда кæнæн, цалдæр анзи си догътæ цæмæннæ бал фæууй?» Аци фарстайæн раттæн ес уæхæн дзуапп: «Уомæн æма нæ хецауадæй неке евдæлуй уонæмæ…»***

Аци хабæрттæ ка кæса, етæ сæ еугур нæ зондзæнæнцæ, алли ипподроми дæр тæккæ кадгиндæр приз «Дерби» цæмæн хонунцæ, уой. Кæдзостог «базургин» бæхти муггаг исфæлдистонцæ англисæгтæ XVIII æноси. Æма еци гъуддагмæ агъазиаудæр хунæ ка бахаста, уонæй адтæнцæ, сæ муггаг Дерби кæмæн адтæй, еци лордтæ. 1780 анзи сæ муггаги номбæл исæвардтонцæ приз Эпсоми ипподроми æма баунаффæ кодтонцæ еци призæн алли анз дæр сæ анзи пайдайæй цуппæрæймаг хай дех кæнун. Уæдæй нурмæ алли сæрди дæр Эпсоми еци приз рамолунæн тохи бацæунцæ уайагæдæр бæхтæ, номдзуддæр бæхбæлбадгутæ. Дербити муггаг иръæзуй, иръæзунцæ æ пайдайæгтæ æма фулдæрæй-фулдæр кæнуй еци призи агъазиаудзийнадæ дæр.

Иннæ паддзахæдтæ дæр догътæ аразуни æгъдæутти бундорæн райстонцæ англисæгти уагæвæрд. Раги рахæлеу æй дуйнебæл догъи кадгиндæр приз «Дерби».

Уотæ махмæ, Советон Цæдеси дæр, бæргæ адтайдæ æма уогæ дæр адтæй. Фал нæ бæсти уæди разамунд æфсæн горенæй нæ паддзахадæ уæди иннæ, цидæр «æнадæ» син ка адтæй, еци паддзахæдтæй ку фæддех кодтонцæ, уæд уордигон цидæр хуарздзийнадæ бафæнзуни туххæй уотид исхъипгæнæн дæр нæбал адтæй. Уотæ рауадæй приз «Дерби»-й ирисхъæ дæр.

Цал æма цал «арæхстгин» адæймаги испайда кодтонцæ еци уавæрæй, уæлдайдæр ба тугъди фæсте, цалемæй райстонцæ Сталини премитæ, цалемæй иссæнцæ профессортæ, фæсарæйнаг хуæрзмуггаг фонсæн сæ нæмттæ нæхердигон искæнуни фæрци: бельгийаг брабансонтæ æма арденнтæ рагæпп кодтонцæ «советон» æма «уруссагæй»… швицаг гъонти муггагæй нæмæ фæззиндтæй дæсей бæрцæ «нæхеуон» муггæгтæ, англисаг устур урс хути номæй фæццидæр æй дзурд «англисаг».

Уотæ рауадæй сæ хабар англисаг кæдзостог догъонтæн дæр: сæ номхундæй гæлст æрцудæй дзурд «англисаг». Фæстæдæр ма еци раййевæ-баййевитæбæл æхе «æфтауæнтæ» бафтудта хестауагæ Брежнев. Нур дæр нæмæ, гъулæггагæн, нæма исцох æнцæ еци миутæ: хе 'стаун, кедæр фаун незæй. Уотемæй ба, сæрустур цæмæй уæн æма нæхе цæмæй растауæн, уæхæнæй дæр нæмæ берæ цидæртæ куд нæййес…

Рацудæй рæстæг æма хуарздзийнадæн аккаг аргъ кæнуни зундирахаст нæмæ бæрæгæй-бæрæгдæр кæнун байдæдта. Нур нæмæ «Дерби» дæр нæфæткагбæл нимад нæбал цæуй (1955 анзæй фæстæмæ), æма 'й Мæскуй хонунцæ «Еугурцæдесон устур приз «Дерби», Ростови ба ростоваг устур приз «Дерби», æндæр рауæнти дæр ма арæзт цæуй, æндæр хузи 'й хонунцæ, уотемæй. Ка 'й рамолуй, еци бæхбæл æркæнунцæ сурх хъæдавæ пæлæз кенæ дарий хъумацæй бæхæмбæрзæн, призи ном ибæл сугъзæрийнæ дамугъатæй финст, уотемæй. Æма уæхæн бæхæмбæрзæнтæ Беслæни заводи директори къæбинети дæс æма инсæй анзей размæ æрæмбурд æй фараст.

Зæгъун гъæуй, уæлахезти аци æвдесæнтæй фæххайгин уни гъуддаги фулдæр ке фæллойни хай ес, уой:

**1969 анз.** Ростоваг «Дерби». Догъон Пигмей, бæхбæлбадæг Николай Токарев, тренер Гудиати Хъазбег;

**1973 анз.** Ростоваг «Дерби». Догъон Серпантин, бæхбæлбадæг Николай Токарев, тренер Дзилихти Сослан;

**1973 анз.** Пятигорскаг «Дерби». Догъон Гæналдон. Бæхбæлбадæг Хаджимурза Эдиков, тренер Григорий Назаров;

**1973 анз.** Мæскуйаг «Дерби». Догъон Гæналдон, бæхбæлбадæг Хаджимурза Эдиков. Тренер Григорий Назаров. Уæд Назаровæн лæвæрд æрцудæй «Дуйнеуон къæпхæни тренер», Эдиковæн ба «Фицццаг къæпхæни жокей»-йи кадгин нæмттæ.

**Нæ рагфидтæлтæмæ мæрдæгъдæуттæй еу адтæй «Бæхфæлдесæн». Ци нæлгоймаг рамæлидæ, уомæн ниффæлдесиуонцæ рохсаггаги мæрдти бæстæмæ ка бахъæртун кæндзæнæй, уæхæн бæх.**

**1974 анз.** Ростоваг «Дерби». Догъон Лескен, бæхбæлбадæг Бутати Алик, тренер Алексей Лагунов;

**1976 анз.** Пятигорскаг «Дерби». Догъон Алитет, бæхбæлбадæг Сагит Каппушев, тренер Алексей Лагунов;

**1977 анз.** Пятигорскаг «Дерби». Догъон Мильтон, бæхбæлбадæг Сагит Каппушев, тренер Хъантети Геуæрги, ССР Цæдеси спорти мастер;

**1983 анз.** Краснодайраг «Дерби». Догъон Раст, бæхбæлбадæг Сергей Горбунов, тренер Хубулти Сергей. (Хорхуз. Раст зундгонд Сæрдари цæуæтæй æй. Æмбесонд «Фиди фарнæ мæрдтæмæ нæ цæуй», айдагъ адæммæ нæ хауй.)

**1989 анз.** Тбилисиаг «Дерби». Догъон Фибрин, бæхбæлбадæг Алик Кулик, тренер Григорий Кулик.

Гъе уотæ анзæй-анзмæ, еу ерherстæй иннетæмæ иръæзтæй нæ догъонти арæхстдзийнадæ, уой хæццæ ба сæ кадæ æма цитгиндзийнадæ дæр.

Догъонти фæлварæнæн ипподромтæ архайунцæ бæлвурд уагæвæрдмæ гæсгæ. Уоми ба кадгин призтæ дæс æма инсæйемæй фулдæр æнцæ, Беслæни завод 1964 анзæй 1984 анзи уæнгæ уæхæн призтæ рамулдта 114. Уомæй уæлдай фондз устур призи Еугурцæдесон еристи æма дæс кадгин призи Дуйнеуон еристи, уонæй дууæ Кельни (ГФР), æ аргъ 40000 марки. Фæстаг хатт æй рамулдта Галон Дзилихти Сослани хайадæй. Сослани æ дууæ æртæанздзуд догъони хæццæ уордæмæ рарвистонцæ (Галон Мæскуй С.М. Буденныйи номбæл приз ку рамулдта, уой фæсте). Уой фæсте цуппар анзей дæргъи беслæйнæгти хуæрзеугути «тиллæг» фæццауддæр æй æма сæ æз фурмæстæй мæ хигъдмæ дæр нæбал бахастон. Æцæг ма бауайдзæф кодтон: бæлвурдæй бафеппайдтон: раст еци æнзти Беслæни бæхти кæд хуаллаггъæуагæ нæ уагътонцæ, уæддæр хуасæй æма гъæугæ хуæруйнæгтæй зингæ хуæздæр гъæуагæ адтæнцæ. «Бæх æхсæй ма тæрæ», зæтхæй æй тæрæ, зæгъгæ, фиццаг ка загъта, е, æнæмæнгæ, зундгин лæг адтæй. Уой хуарз зонунцæ заводи нури директор Бæдоати Феликс, сæйраг зоотехник Хачирти Валоди æма сæйраг дохтир Хъæбæлоти Мæхæмæт.

Æма бабæй 1989 анзи фескъуæлхтæнцæ беслæйнаг догъонтæ: Хъантети Геуæргий хайадæ – Мæскуй æма Берлини, Григорий Кулики хайадæ – Тбилисий (Фибрин). Никки æхцæуæндæр æнцæ мæскуйаг æма берлинаг уæлахезтæ: беслæйнаг дууæанздзуд æфсæ Фабрикæ, Василий Мельников ибæл бадтæй, уотемæй рамулдта, æ кари догъонтæн ци кадгиндæр призтæ ес Мæскуй, уони еугурей дæр! Уой фæсте фæрразæй æй социалистон паддзахæдти хуæздæр дууæанздзуд догъонти устур къуари догъи, рамулдта хуæрзеуæг «София». Мæскуй ма Хъантей-фурти хайадæй æртæанздзуд æфсæ Абона фиццаг бунат байахæста, алли кари уайагæдæр догъонтæ кæми æрæмбурд кæнунцæ, еци 1000 метри догъ «Критериум»-и. Цæттæ адтæнцæ беслæйнаг догъонтæ аци анз дæр.

Мæскуй ипподроми сæрди тæккæ хъазардæр призтæ рамолуни еристи рæстæг беслæйнаг æфсæ – догъон Фабрикæ М.И. Калинини номбæл догъи урсити æ фæсте ку фæууагъта, уæд радио фегъосун кодта бæхдаруйнади гъуддаги Цæдесон Æхсæнади бардзурд: «1989 анзи догъи сезони дæргъи устур æнтæстдзийнæдтæ сæ къохи ке бафтудæнцæ, уомæн аргъ кæнгæй. Хъантети Харитъони фурт Геуæргийæн лæвæрд цæуй ном «Мастер-тренер», Мельниковæн ба фиццаг къæпхæни жокейи ном...»

Æнæгъæнæ Иристони адæмæн дæр цийнæ æма кадæхæссæг ке 'нцæ Беслæни догъонти хуæрзеугутæ, уой зæрдæбæл даргæй аци хæдзарадæн гъæуй агъаз кæнун. Ахид мæ бафæрсунцæ: «Беслæни ипподромæй цæмæннæ пайда кæнæн, цалдæр анзи си догътæ цæмæннæ бал фæууй?» Аци фарстайæн раттæн ес уæхæн дзуапп: «Уомæн æма нæ хецауадæй неке евдæлуй уонæмæ…»

Æгириддæр секкаг нæй: догъ, бæхбæл гъæзтитæ ка уарзуй, уæхæнтти бархеуон цæдес ку фæззиннидæ, ерисτæ æма догъæн фæткæ ку исаразидæ, бонтæ ку иснисан кæнидæ совети хæццæ еумæ, уæд иснæуæг уидæ рагон хуарз æгъдау – адæмон догъ.

***(Уодзæнæй ма)***

***Идарддæр. Райдайæн 2025 анзи 49-аг номери, аци анзи 1-2-аг номерти.***



**Искурдиадæгин гъæбесæйхуæцæг, ССР Цæдеси спорти æскъуæлхт мастер, ССР Цæдеси æскъуæлхт тренер Хæдарцати Хазбийи фурт Аслани райгурдбæл 4 феврали æнхæст кæнуй фондз æма æртинсæй анзи.**

• *Ведь дело мастера боится, вот он без дела и сидит.*

☺ ☺ ☺

• *Автографы даю. Берут их плохо.*

• *Ты нынче так благоухаешь! Спасибо – это валидол.*

☺ ☺ ☺

• *На бис его не вызывали. Но он упорно выходил.*

• *Механик убедил блондинку, что масло в шинах поменял.*

☺ ☺ ☺

• *Не пьет уже почти неделю, совсем себя не бережет.*

## ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆ



# УАДЗÆ ÆМА НÆ КÆСТÆРТÆ ÆНÆНЕЗ УОНЦÆ!..

Гриппæй алли кари адæм дæр фæссæйгæ унцæ, уæлдай ахиддæр ба – сувæллæнттæ. Аци нез син æй тæссаг, уомæн æма расайуй уæззау фæстеугутæ. Уомæ гæсгæ гриппæй фæссæйгæ унмæ, уæдта си дзæбæх кæнунмæ кудфæнди цæстæй кæсæн нæййес, æма алли ниййерæг дæр гъæуама зона гриппæй исдзæбæх кæнуни æма не 'руадзуни мадзæлттæ.

Фиццагидæр гъæуй лæдæрун, гриппæй адæймаг сæйгæ кæнуй æнæ ходæй уазалмæ ке рацудæй кенæ ба æ къæхтæ ке ницъцъифæ кодта, уой туххæй нæ, – уæд исуазал уй. Фал, раст зæгъун гъæуй, æхе ку исуазал кæнуй, уæд ин гриппæй фæссæйгæ ун дæр исуй тæссагдæр, уомæн æма листæг тогдадзинттæ уазали æлхинцъитæ кæнун байдайунцæ, е ба лæгъузæрдæмæ ахедуй иммунитетбæл, кæнуй æй лæмæгъ.

Грипп расайæг æй вирус, хъæбæр тагъд ка хæлеу кæнуй æма æ хузтæ раййевæ-баййевæ кæмæн кæнунцæ, уæхæн. Алли анз дæр фæззиннуй гриппи нæуæг хузæ, æма æ алли хузи нихмæ дæр иммунитет федар уа, уомæн гæнæн нæййес. Анзи ескæци афони адæймаг гриппæй ку фæссæйгæ уа, уæддæр си дуккаг хатт фæссæйгæй æдас нæ уодзæнæй. Уомæ гæсгæ, грипп нихмæ вакцинаци кæнгæ 'й алли анз дæр.

Грипп эпидеми фæууй алли хатт дæр фæззигон-зуймон афони. Пандемийæ ба æрцæуй, гъома, еугур дуйнебæл дæр нез рахæлеу уй 15-20 анземæ еу хатт.

Грипп адæймагбæл, уæлдайдæр сувæллонбæл, æнцонæй бахуæцуй – еуемæй иннемæ бахъæртуй уæлдæфи. Сувæллони рази сæйгæ ку æрæхснирса, уæд е дæр фагæ 'й, цæмæй ибæл нез бацæфса, уомæн. Фал вирус парахатгæнгутæ 'нцæ, зæгъæн, цъумур къохтæ дæр. Вирус æхуæдæг уотæ тухгин нæй, æ нимарунмæ фагæ 'й къохтæ сапойнæй нихснун кенæ антисептикæй расæрфун, фал е – адæймаг хæдзари ку нæ уа, уæд. Мадта сувæллæнттæ ба домунцæ уæлдай цæстдард, уомæй уæлдай, сæ гъазæнтæ фæуунцæ еумæйаг, сæ бон æй, æма еу къосæй ниуазонцæ, æма еугур уæхæн уавæрти фудæй сæйгæ кæнунцæ ахиддæр.

**– Сувæллон гриппæй ке фæссæйгæ 'й, е цæмæй бæрæг æй?**

– Нез имæ ку бахъæртуй, уæд æхе уайтæкки нæ рабæрæг кæнуй, æма бал фиццаг дууæ-æртæ бони сувæллон æхе хуарз фенкъаруй. Фал вирус бауæри куд парахат кæнуй, уотæ сувæллонæн дæр æ уавæр лæгъуздæр кæнун райдайуй. Фиццаг бæнтти еци уавæр фæууй карз, бауæри тæвдæ уæлæмæ ниццæвуй æма 39-40 градусмæ исхъæртуй (уæлдайдæр, 5 анзей уæнгæ сувæллæнттæн). Сæйгæ уазал кæнун райдайуй, резæнгæ ибæл бахуæцуй, бауæр, æстгутæ ресунцæ, сор хуфæг ибæл бацæфсуй, хъуртæ ресунцæ, фиййи дон фемæхсуй. Сæйгæн хуæруйнаг æгириддæр æ зæрдæ нæ фæззæгъуй, æ зæрдæ фæххæссуй. Вирус ци марггъæстæ бауæргъæдтæ рауадзуй, етæ ихалунцæ листæг дадзинттæ, æма уой фудæй фиййи тог кæлун райдайуй кенæ ба бауæр рафадуй. Еци марггъæстæ бауæргъæдтæ ахид ихалунцæ нервити системæ дæр, уой фудæй сæйгæ сувæллон æздухститæ кæнун æма сæнттæ цæгъдун райдайуй.

**– Гриппæй сæйгæ сувæллони ниййергутæ ку нæ дзæбæх кæнонцæ, кенæ ба 'й раст ку нæ дзæбæх кæнонцæ, уæд е цæмæй тæссаг æй?**

– Фиццагидæр, грипп тæссаг æй, фæстеугутæ ке расайуй, уомæй, уонæн сæ уæззаудæр æй пневмонийæ, уомæн æ тæссагдæр хузтæй ба еу – «геморрагическая», ке хонунцæ, вирусон еци пневмонийæ, хæлеу кæнуй хъæбæр тагъд æма ахид æркæнуй мæлуни цаутæмæ. Грипп иннæ уæззау фæстеугутæ 'нцæ менингит, энцефалит, хæцъæфти нез – миозит, идарддæр – ринит, отит, синусит, бронхит æма æндæртæ.

**– Ци хузи ес гриппæй сувæллони багъæуайгæнæн, уæдта циуавæр æнцæ нези профилактики мадзæлттæ?**

– Вирусæй сувæллони нæййес бустæги багъæуай кæнун. Мадта сувæллони еудадзугдæр хецæнæй дарæ – уомæн дæр гæнæн нæййес. Уой бæсти еугур хъæуритæ дæр исаразун гъæуй æ иммунитет ин фæффедардæр кæнунмæ, хуæрун ин кæнун, цæттæй ке уæйæ кæнунцæ, уæхæн хуæруйнæгтæ нæ, фал пайда ка уа, уæхæнттæ, дохтири амундæй ин витаминтæ æма минералон комплекстæ дæттун. Алли бон дæр сувæллон гъæуама гъаза кæдзос уæлдæфи уавæрти.

Эпидемий рæстæг гъæунцæ уæлæнхасæн гъæуайгæнæн мадзæлттæ – уат гъæуй уомæл æфснайд кæнун, уати къæрæзгитæ ахиддæр игон кæнун, къохтæ ахиддæр æхснун, æма, грипп профилактики ахсгиагдæр фæрæзнæ вакцинаци ке æй, е уи иронх ма уæд. Тæккæ хуæздæр фæууй вакцинаци сентябри кенæ октябри кæнун, фал ин фæстæдæр искæнун дæр æнгъезуй. Æцæг вакцинаци кæнуни рæстæг сувæллон гъæуама уа æнæнез.

Еу загъдæй, уæхе дæр æма уæ сувæллæнтти дæр гъæуай кæнетæ æма æнæнез уотæ.

***Медицинон профилактики республикон центр***

# СУВÆЛЛÆНТТИ ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆ – СÆЙРАГДÆР!..

Æнæсцохæй глюкозæртасæн ефтонггæрзти хуæрзгъæдæдзийнади фæдбæл гъæститæ æгæр ке исахид æнцæ, уомæ гæсгæ нæ республики æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министр **Митцити Астан** æрæги сæрмагондæй фембалдæй сæкæрнезæй сæйгæ сувæллæнтти ниййергути хæццæ. Ниййергути загъдмæ гæсгæ, раст бæрæггæнæнтæ ка не 'вдесуй, еци ефтонггæрзти фудæй сувæллæнтти бауæр гъигæдард баййафуй.



Уомæ гæсгæ ба министр республики эндокринологон диспансерæн байихæс кодта, цæмæй ниййергути аци фарстай фæдбæл алли гъаст дæр «Росздравнадзор»-и косгути хæццæ еумæ хецæнæй уайтæккæдæр æвзурст цæуа, уæдта ефтонггæрзти хай æнæмæнгæ æрвист куд æрцæуа федералон экспертон центрмæ рартасунмæ. Митций-фурти загъдмæ гæсгæ, ефтонггæрзтæ стандартти аккаг кæд нæ 'нцæ, уæд министрадæ цубур рæстæгмæ сувæллæнттæн исамал кæндзæнæй æндæр, æнхæстæй ка бæззуй, уæхæн ефтонггæрзтæ.

Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министради пресс-службæ ма нин аци хабар фегъосун кæнгæй, уой дæр баханхæ кодта æма ведомстви разамонæг зæрдæ байвардта, аци фарстамæ комкоммæ æхуæдæг æ цæстæ ке дардзæнæй, уомæй. Куд баханхæ кодта, уотемæй сувæллæнтти æнæнездзийнадæ нæмæ гъæуама нимад цæуа нæ ахсгиагдæр ихæстæн сæ сæйрагдæрбæл.

## БАРАДОН ФÆТКÆ



### УÆЛДАЙ КЪÆРЦГЪОСДÆР УН...

**Украинаг сæрмагонд службитæ, идарддæр сæ знаггадæхæссæн куст кæнгæй, аллихузи «колл-центрти» фæрци архайунцæ Уæрæсей цæргути æхцатæ расайунбæл, кенæ сæ аллихузон фудракæндитæбæл исардаун. Уой хæццæ ма, фæстаг рæстæг нæ нихмæлæугутæ уæхæн архайд фæккарздæр кодтонцæ.**

Еци æууæл хинцгæй, Æдасдзийнади федералон служби Цæгат Иристони управлени фæдздзурдта республики цæргутæмæ, цæмæй уæхæн цæстфæлевæн «колл-центртæй» сæхе еуварс дæронцæ, финансон æма æндæр уæхæн фарстати фæдбæл æнæзонгæ «консультантти хæццæ» дзубандий рæстæг уонцæ уæлдай къæрцгъос.

Уæхæн «колл-центрти» оператортæ, адæймагмæ телефонæй бадзоргæй, сæхе байамонунцæ, куд Æдасдзийнади федералон службы, Медгъуддæгути министради, Слестгæнæг комитети, «Росфинмониторинг» æма æндæр уæхæн паддзахадон структурити косгутæ. Аллихузон психологон фæрæзнитæй испайда кæнгæй, етæ адæймаги уоди бауадзунцæ тасдзийнадæ æма дузæрдугдзийнадæ. Тухст адæймаги ба, ке зæгъун æй гъæуй, æнцондæр расайæн æма æртасæн ес. Уæхæн уавæрти си «консультанттæ» архайунцæ се 'хцай фæрæзнитæ расайунбæл, банки «æдас» хигъдмæ сæ раййевунбæл, кенæ ба сæ амидин кæнунцæ æфсæнвæндагбæл исрæмугъдтитæ, сæрмагонд æфсæддон операцимæ барæдарæг адæми рамарун æма æндæр уæхæн террористон фудракæндитæ исаразунмæ.

Уæхæн æбæрæг «операторты» уæмæ телефонæй ку дзоронцæ, уæд уайтæккæдæр хæтæл рахецæн кæнетæ, сæ ардауæн миутæ син мацæмæ даретæ.

Уой хæццæ, уæхæн фæлтæрæнтæбæл ку исæмбæлайтæ, уæд хабæрттæ бахъæртун кæнун гъæуй барадæгъæуайгæнæг оргæнтæмæ уæхæн телефонтæй:

Æдасдзийнади федералон служби Цæгат Иристони регионалон хайадæ: +7 (8672) 597-311;

Цæгат Иристон-Аланий Медгъуддæгути министрадæ: **+7 (8672) 596-502** (кенæ **«02»**, дзиппидаргæ телефонтæй – **«102»**)». Етæ амунд æнцæ Уæрæсей Федераций Æдасдзийнади федералон службы цæгатиристойнаг управлений пресс-службы игъосункæнуйнаги.

***Нæ уацхæссæг***

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – сабати.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **575.** Заказ **№ 171.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 02.02.2026.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 02.02.2026.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**